

# BAB I

## BUBUKA

### 1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Umumna carita pondok (carpon) dianggap lahir sabada pangarang anu maké sandiasma G.S. nulis buku kumpulan carita *Dogdog Pangréwong* (1930). G.S. ogé dianggap minangka salah saurang inohong anu ngaluluguan nulis carpon dina basa Sunda. Atawa sed saeutik rada heubeul ti dinya carita pondok dianggap lahir sabada medalna majalah *Parahiangsan* (1929-1942). Ieu anggapan téh lain baé kapanggih dina buku-buku pangajaran sastra Sunda, tapi ogé kapanggih dina rupa-rupa artikel, boh dina majalah, koran, atawa artikel internét.

Dina sajarah mémang kacatet yén buku *Dogdog Pangréwong* téh buku munggaran kumpulan carita anu parondok dina basa Sunda, anu eusina béda jeung carita-carita dongéng atawa carita-carita piwulang anu parondok keur bahan bacaeun barudak sakola nu aya saméméhna. Anu ngabédakeunana téh di antarana baé carita G.S. leuwih réalistik jeung mentingkeun rasionalitas, henteu ngumbar fantasi nu kaleuleuwihi atawa ngumbar hal-hal anu pamohalan sakumaha anu kapanggih dina dongéng. Lian ti éta G.S. boga kasadaaran nyiptakeun plot anu sugéstif, henteu ngan ukur ngaruntuykeun jalan carita anu linéar. Ku alesan éta sigana carita anu dikarang ku G.S. téh tuluy dianggap carita pondok (carpon) anu munggaran dibukukeun, malah medalna leuwih tiheula batan buku kumpulan carita pondok dina basa Indonésia. Ku alpukahna Balé Pustaka, buku *Dogdog Pangréwong* karangan G.S. medal taun 1930. Sedengkeun buku kumpulan carita

anu sarupa dina basa Indonésia, nu ditulis ku Muh. Kasim kalawan judul *Teman Duduk*, karék medal dina taun 1936 anu ogé dipedalkeun ku Balé Pustaka.

Tapi lamun dicukcruk deui leuwih telek, aya sawatara masalah anu timbul. *Kahiji*, boh G.S. salaku pangarangna, boh Balé Pustaka salaku anu medalkeunana, henteu nyebut éta buku minangka kumpulan carita pondok. G.S. ukur nyebut carita anu dikarangna ku istilah “carios”. Lain maké istilah “carita pondok” atawa “carios pondok”, anu bisa diasosiasikeun ku urang jeung istilah “carita pondok” kiwari, atawa jeung istilah “*short story*” ti Inggris. Kitu deui dina majalah *Parahiangan*, boh pangarangna boh rédakturna henteu ngagunakeun istilah “carita pondok” kalawan kasadaran hayang ngadopsi konsép carita pondok nu jolna ti batur. Masalah *kadua*, euweuh dadaran historis anu ngaajelaskeun perkara naon saenyana anu ngalantarankeun atawa ngajurung G.S., ogé nu ngajurung ka pangarang-pangarang carita nu parondok sarta réalistik di majalah *Parahiangan*, nepi ka aranjeunna bisa ngahasilkeun karya dina “génre” anu béda jeung karangan-karangan pondok anu saméméhna aya, samodél dongéng jeung carita-carita piwulang.

Masalah *kadua* di luhur ogé réa rambat kamaléna. Motivasi para pangarang Sunda harita ngagelarkeun karangan-karangan anu réalistik jeung rasional tangtu lain euweuh sabab-musababna. Dina tradisi kasusastraan Sunda tradisional, upamana anu kapanggih dina carita pantun, dongéng, atawa wawacan, hal-hal anu réalistik jeung rasional téh langka kapanggih. Carita umumna diwarnaan ku hal-hal anu mustahil ceuk logika, ngumbar fantasi anu kaleulewihi, atawa réa ngagambarkeun alam gaib atawa mitos. Pikiran rasional jeung

gambaran réalistik dina karya sastra Sunda karék muncul sanggeus ka urang datang pikiran-pikiran Barat ngaliwatan kolonialisme, pangpangna dina abad ka-19. Upamana baé kapanggih dina wawacan *Panji Wulung* karangan R.H. Moehamad Moesa. Éta pangaruh Barat téh sajalan jeung modérnisme anu ditawarkeun jeung dikanonisasi ku Barat ka masarakat jajahan ngaliwatan rupa-rupa cara.

Anu perlu ditalungtik téh, kumaha saenyana konsépsi anu mekar harita keur méré idéntitas kana génre karya anu sacara konsép geus béda jeung hasil sastra tradisional sarta nyerep unsur-unsur Barat tapi can bisa dijinekkeun sacara gembheng idéntitasna nurutkeun konsép Barat anu diserepna. Naha ieu téh wangun tina kagagalan urang Sunda ngajinekkeun konsépsi sastrana sakumaha anu disabit-sabit ku Moriyama, atawa salah sahiji wangun résisténsi urang Sunda sakumaha anu geus ditepikeun bibit-bibitna ku R. Méméd Sastrahadiprawira dina awal abad ka-20 kénéh? (tingali Moriyama, 2005).

Carita-carita saperti anu ditulis ku G.S., antukna mémang diidéntifikasi minangka génre anyar sarta tuluy disarebut carita pondok. Tapi istilah carpon anu dilarapkeun kana carita nu ditulis ku G.S. atawa carita-carita nu kamuat dina majalah *Parahiangan* bisa jadi ukur klaim para kritikus anu muncul sabada kamerdékaan. Dalah dina jaman sabada kamerdékaan ogé, términologi carita pondok dina pakumbuhan kasusastraan Sunda mah henteu pati jinek watesanana. Upamana baé urang bisa ngabandingkeun pamadegan M.A. Salmun ngeunaan carita pondok dina buku *Kandaga Kasusastraan Sunda* (1963) jeung pamadegan Ajip Rosidi dina buku *Kesusastraan Sunda Dewasa Ini* (1966). Ku hal éta, klaim

para kritikus anu méré terminologi carita pondok kana karya G.S. jeung sabangsana bisa jadi ngandung bias, henteu sagemblengna sarua jeung anu aya dina pikiran G.S. jeung pangarang sajamanna.

Nilik ka dinya mah, anggapan yén lahirna carpon dina basa Sunda diluluguan ku G.S. sarta medalna buku *Dogdog Pangréwong* dianggap patok awal kamekaranana, atawa lahirna téh dimimitian ku medalna majalah *Parahiangan* anu medal taun 1929, geus kudu dipaluruh deui. Perlu dicukcruk kumaha saenyana asal-usul lahirna carita pondok Sunda tina perspéktif kasajarahana. Lain baé dipaluruh saha anu mimiti ngaluluguanana, tapi naon anu jadi kasang tukangna sarta kumaha prosésna. Lian ti éta perlu ogé dipaluruh kumaha konsépsina, jeung situasi naon baé anu ngarojong kamekaranana.

Perlu ulikan anu kompréhensif pikeun ngadadarkeun pasualan-pasualan di luhur, utamana ulikan anu patali jeung sosiologi sastra. Diperlukeun ayana dadaran ngeunaan situasi kamasarakatan di lingkungan urang Sunda harita anu tangtu gedé pangaruhna kana pola mikir jeung hubungan sosial, budaya, atawa politik urang Sunda, anu ahirna milu ngarojong lahirna génre carita anu réalistik jeung rasional dina sastra Sunda, tur antukna ngalahirkeun génre carpon.

Utamana anu kudu jadi bahan ulikan téh kumaha situasi kolonialisme anu karandapan ku urang Sunda, pangpangna situasi nu jadi kasang tukang lahirna génre carpon. Ari sababna, sakumaha anu geus didadarkeun ku Mikihiro Moriyama dina bukuna *Semangat Baru: Kolonialisme, Budaya Cetak, dan Kesastraan Sunda Abad ke-19* (2005), faktor kolonialisme kacida ngawarnaanana kana konsépsi jeung wangun-wangun sastra anu ahirna dipilih ku urang Sunda.

Cindekna, aya parobahan konfigurasi dina pakumbuhan sastra Sunda harita anu dikasang-tukangan ku situasi kolonialisme anu ogé mawa pikiran-pikiran Barat anu modérn.

Éta studi ogé kalawan husus ngajelaskeun kumaha munculna “*dua gelombang perluasan*” anu ahirna ngamunculkeun génre roman atawa novel. Anu dimaksud “*dua gelombang perluasan*” téh kahiji munculna wawacan anu dicitak mangrupa buku, geus lain dina wangun manuskript. Kadua, ayana tarékah narjamahkeun carita-carita Barat (Éropa) kana basa Sunda. Nya éta pisan anu tuluy mangaruhan jeung ngarobah kabiasaan masarakat Sunda dina nangtukeun wangun sastra nu dipilih.

Mun ditilik tina aspék sosial nu mekar harita, copelna aya dua kawijakan pamaréntah kolonial nu ngarojong munculna transformasi jeung inovasi. *Kahiji*, ayana tarékah nuliskeun rupaning carita dina wangun tulisan, boh dina buku boh dina jurnal atawa pustaka mangsa séjén keur bahan bacaan masarakat. *Kadua*, ayana tarékah ngarasionalisasikeun pikiran masarakat pribumi. Di antarana ngaliwatan bacaan-bacaan atawa wangun sastra nu modérn. Studi Moriyama ogé geus maluruh éta hal sarta antukna manggihan fakta ayana tarékah melakkeun pikiran-pikiran rasional anu awalna dijalankeun ngaliwatan sastra wangun tradisional samodél *wawacan*, narjamahkeun carita ti Éropa nu leuwih réalis, sarta ahirna éta carita-carita nu réalis téh wangunna ditiru ku pangarang-pangarang pribumi pikeun nuliskeun carita lokal. Contona baé, awal abad ka-20 muncul wangun novel Sunda anu nyaritakeun kahirupan sosial masarakat Sunda, anu eusina geus lain tarjamahan atawa saduran. Ngan baé, éta studi henteu sacara

gemet nalungtik carita-carita lokal anu parondok, nu jadi akar munculna génre carpon nu tuluy mekar nepi ka kiwari.

Kitu deui di lingkungan akademik, ieu masalah téh can réa katalungtik. Skripsi atawa tésis anu ngabahas sajarah carpon atawa sajarah sastra Sunda dina umumna can pati réa. Ulikan sajarah sastra réréana ngan kapanggih dina buku-buku kritik atawa pangajaran anu cara ngadadarkeunana ukur saliwat-saliwat.

Aya sawatara judul karya tulis ilmiah, pangpangna skripsi, anu mémang geus ngaguar rupaning problématique nu patali jeung carita pondok. Di antarana baé skripsi Eulis Héndrayani Saputra (1990), anu judulna *Bahan jeung Conto Modél Pangajaran Aprésiasi Carita Pondok Basa Sunda pikeun SMP* (Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah IKIP Bandung), sarta skripsi Yéssy Hérmawati (2006), *Ulikan Sémiotik kana Kumpulan Carpon Surat keur Sawarga Karangén Paguyuban Sastrawan Sunda Patrem* (Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah UPI Bandung). Sakumaha anu kagambarkeun tina judulna, éta skripsi téh ukur nalungtik unsur-unsur instrinsik carita pondok keur kaperluan aprésiasi jeung modél pangajaran sastra, saperti skripsi Eulis Héndrayani Saputra, atawa nalungtik unsur-unsur linguistikna saperti skripsi Yéssy Hérmawati.

Kitu deui tésis jeung disertasi nu nalungtik génre carita pondok, téma jeung pedaranana teu jauh béda jeung skripsi di luhur, nyaéta umumna ngabahas aspék-aspék basa, struktur, atawa aprésiasi kana carpon nu dirélasikeun jeung rupa-rupa kabutuhan. Hususna di Sekolah Pascasarjana Universitas Pendidikan Indonesia (SPs UPI), rélasina dipatalikeun jeung aspék-aspék pendidikan sastra atawa kritik kana hiji karya. Di antarana baé tésis anu disusun



ku Herman Ivo (1997) kalawan judul *Karakteristik Sastra Koran: Studi Deskriptif Analitis Aspek Bahasa, Sastra, dan Makna Simbolis Cerpen Koran untuk Tujuan Pengajaran di LPTK* (Program Pascasarjana IKIP Bandung). Eusina di antarana nyabit-nyabit kamekaran génre carpon, utamana anu mekar jeung nyebar dina koran atawa média masa sarta nyindekkeun yén carpon anu mekar jeung hirup di Indonésia teu bisa dipisahkeun jeung hirup-huripna koran. Papadaning kitu fokus panalungtikanana leuwih nyindekel kana analisis eusi carpon keur tujuan pangajaran. Kitu deui tésis nu ditulis ku N. Lilis Aisyah (2003) anu judulna *Representasi Idiologi Gender dalam Cerpen-cerpen Karya Wanita pada Cerpen Pilihan Kompas 1992 – 1996: Pemilihan Bahan dan Perancangan Model Apresiasi Cerpen Sebagai Wahana Penyadaran terhadap Masalah Gender* (Program Pascasarjana UPI Bandung). Sakumaha anu karéprésentasikeun tina judulna, ieu tésis medar kritik kana carpon-carpon anu geus dibukukeun tur dipedalkeun saban taun minangka carpon pinunjul nu dipilih ku rédaktur Harian Umum *Kompas*, anu tuluy ku nu nalungtikna dirélasikeun jeung modél aprésiasi sastra, hususna keur tujuan “sadar gender”. Sedengkeun disertasi anu ngabahas carita pondok, di antarana ditulis ku Yoce Aliah Darma (2006) kalawan judul *Penerapan Model Analisis Wacana Kritis dalam Kajian Cerpen Berideologi Gender untuk Mengembangkan Kemampuan Analisis Wacana Mahasiswa: Studi Kuasi Eksperimen di Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia FPBS UPI Angkatan 2003-2004* (Sekolah Pascasarjana UPI Bandung, 2006). Éta studin ngan merenahkeun carpon minangka bahan keur mekarkeun kamampuh mahasiswa dina ngaanalisis wacana.

Leuwihna ti éta, tésis jeung disertasi anu kapanggih tur nyokot carpon minangka obyék studina umumna ngagunakeun sampel carpon-carpon dina basa Indonésia. Lian ti éta skripsi, tésis, jeung disertasi anu ngabahas sajarah carita pondok téh langka pisan, sumawonna anu ngulik jeung medar sajarah carpon Sunda.

Dikasangukungan ku masalah-masalah di luhur, ieu panalungtikan rék maluruh jeung nyusud kumaha gelarna carpon dina basa Sunda sarta kumaha prosés jeung kamekaranana nepi ka ahirna diaku jadi génre sastra anyar. Panalungtikan pangpangna rék dipuseurkeun kana faktor-faktor kolonialisme anu mangaruhan kahirupan urang Sunda harita sarta jadi kasang tukang lahirna wangun carpon. Ku sabab éta, ieu panalungtikan dijudulan “GÉNÉALOGI CARITA PONDOK SUNDA: TILIKAN POSTKOLONIAL”.

## **1.2 Rumusan Masalah Panalungtikan**

Sakumaha anu geus didadarkeun di luhur lahirna carpon Sunda téh teu bisa dipisahkeun tina pangaruh kawijakan pamaréntah kolonial Walanda. Suméndér ka dinya, ieu panalungtikan bakal dipuseurkeun kana masalah-masalah kolonialisme, pangpangna nu mangaruhan kana gelarna wangun carpon dina basa Sunda. Éta masalah bakal didadarkeun maké pamarékan “généalogi”.

Aya sawatara masalah nu kudu dirumuskeun patali jeung hal éta, di antarana baé:

- a. Kumaha ciri naratif carita-carita pondok dina téks-téks basa Sunda anu awal? Sakumaha anu katiténan dina carpon-carpon anu awal, pangaruh



dongéng kacida kentelna. Ku hal éta kudu dipaluruh kumaha prosésna dongéng mangaruhan carpon. Hal ieu ogé jadi penting pikeun maluruh kamekaran gaya tulisan dina téks-téks carita pondok.

- b. Kumaha konsépsi anu mekar harita jeung términoologi naon baé anu muncul jeung dipaké keur méré idéntitas kana wangun-wangun carita anu pondok jaman kolonial? Istilah carpon téh tarjamahan tina istilah *short-story* dina basa Inggris. Tapi éta istilah téh henteu ujug-ujug dipaké dina awal-awal munculna carpon Sunda. Ku hal éta perlu dipaluruh istilah atawa términoologi naon baé anu dipaké saméméh istilah carpon ditarima.
- c. Wacana kolonial naon baé anu mekar jeung ngarojong lahirna génre carpon Sunda? Dina ieu panalungtikan fokusna bakal dipuseurkeun kana rupaning kawijakan pamaréntah kolonial Walanda minangka wacana nu utama, hususna nu patali jeung tarékah pamaréntah kolonial ngayakeun kagiatan literasi sarta rupaning pangaruhna ka masarakat pribumi.
- d. Saha baé di antarana inohong-inohong atawa pangarang anu kalibet dina prosés munculna wangun carpon Sunda? Inohong anu bakal dipaluruh téh dipatalikeun jeung peranna dina ngalahirkeun génre carpon boh sacara langsung boh henteu bari ditilik kumaha kasang tukang kahirupan sosial budayana. Utamana bakal dipaluruh naha aya henteu hubungan antara kasang tukang sosial budayana jeung rupaning kawijakan pamaréntah kolonial Walanda.

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Nilik kana rumusan masalah di luhur, ieu panalungtikan mibanda tujuan pikeun ngadadarkeun hal-hal anu aya patalina jeung pasualan-pasualan ieu di handap:

- a. Ngadéskripsikeun wangun, ciri-ciri naratif, sarta karakteristik carpon Sunda anu awal. Ogé rék dipaluruh kumaha pangaruh dongéng kana carpon Sunda anu awal pikeun mikanyaho aya henteuna transformasi wangun sastra.
- b. Maluruh jeung ngajelaskeun konsépsi jeung términologi anu muncul jeung dipaké pikeun méré idéntitas kana carita pondok Sunda.
- c. Ngajelaskeun wacana kolonial anu mekar jeung ngarojong lahirna carpon Sunda, utamana dipuseurkeun kana rupaning kawijakan pamaréntah kolonial Walanda nu aya patalina jeung tarékah pamaréntah kolonial ngayakeun kagiatan literasi sarta rupaning pangaruhna ka masarakat pribumi.
- d. Manggihan jeung ngaidéntifikasi inohong-inohong atawa pangarang anu kalibet dina prosés munculna carpon Sunda sarta peranna dina ngalahirkeun génre carpon bari ditilik kumaha kasang tukang kahirupan sosial budayana. Bakal dipaluruh ogé naha aya atawa henteuna hubungan antara kasang tukang sosial budaya éta inohong jeung kawijakan-kawijakan pamaréntah kolonial Walanda.

## 1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan bakal digarap kalawan harepan bisa mangpaat boh keur kapentingan tioritis boh keur kapentingan praktis.

### 1.4.1 Mangpaat Tioritis

Keur kapentingan tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa:

- a. Ngabeungharan sajarah sastra Sunda, utamana anu patali jeung sajarah carpon Sunda. Teu siga wangun sastra Sunda modérn séjénna anu geus réa dipaluruh sajarahna, sajarah carpon mah teu pati réa dibahas kalawan gemet. Umumna sajarah carpon dibahas saliwat-saliwat dina wangun kritik atawa éséy, atawa dina pedaran buku-buku tilikan sastra jeung pangajaranana.
- b. Nyadiakeun pedaran anu kompréhensif patali jeung kontéks historis anu jadi kasang tukang jeung kamekaran kasusastraan Sunda dina jaman kolonial. Dipiharep ieu pedaran téh ngalengkepan ulikan-ulikan ngeunaan kasusastraan Sunda anu geus aya saméméhna, utamana patali jeung ulikan sajarah sastra.

### 1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan utamana dipiharep bisa digunakeun keur bahan pangajaran sastra, pangpangna nu patali jeung sajarah sastra Sunda. Anggapan yén carpon Sunda mekar dina awal abad ka-20, muga-muga bisa dikoreksi ku hasil ieu panalungtikan anu boga asumsi yén akar-akar carpon Sunda

geus mekar ti abad ka-19 kénéh. Lian ti éta bisa méré kasadaran ka masarakat Sunda, yén saenyana kolonialisme lain ukur patali jeung penjajahan fisik, tapi ogé nimbulkeun pangaruh anu panjang sabada éta penjajahan lekasan. Dipiharep ieu panalungtikan bisa méré kasadaran historis yén naon-naon anu lumangsung kiwari akarna bisa dipapay tina kolonialisme.

### **1.5 Definisi Operasional**

Ieu panalungtikan téh dijudulan “Généalogi Carita Pondok Sunda, Tilikan Postkolonial”. Nilik kana rumusan judul ieu panalungtikan, aya sawatarawa istilah anu kudu dijelaskeun watesanana, nyaéta:

#### ***a. Généalogi***

Sacara harfiah, généalogi sok dihartikeun ulikan ngeunaan kulawarga jeung nyucruk galur rundayan sarta sajarahna. Dina ieu panalungtikan, anu dimaksud généalogi téh terminologi anu sok dipaké dina ulikan postkolonial nyaéta cara anu dipilampah keur manggihan kontinuitas sakaligus diskontinuitas historis obyék. Généalogi dina ieu ulikan lain sakadar manggihan asal-usul sakumaha dipikapaham sacara tradisional, tapi satékah polah ngungkab faktor nu warna-warni di satukangeun sajarah.

#### ***b. Carita Pondok***

Nilik kana wangun caritana anu pondok mah carpon téh teu béda jeung dongéng anu papada ditulis dina wangun prosa. Tapi istilah carita pondok boga harti anu mandiri, béda jeung dongéng. Dina ieu panalungtikan anu dimaksud carita pondok téh wangun karya sastra anu ditulis dina wangun prosa naratif,

caritana rélatif pondok, plotna museur kana hiji peristiwa minangka hiji épisode, sifatna réalistik tur sugéstif.

### *c. Postkolonial*

Istilah postkolonial dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan atawa tiori anu ngagunakeun cara-cara pikeun nganalisis rupaning gejala kultural, upamana baé sajarah, politik, ékonomi, sastra, jeung rupa-rupa dokumén séjénna, anu lumangsung di nagara-nagara tilas koloni Éropa modérn. Obyékna ngawengku aspék-aspék kabudayaan anu kungsi ngalaman kakawasaan impérial ti mimiti ayana kolonisasi nepi ka ayeuna, sarta ngawengku rupa-rupa pangaruh anu ditimbulkeunana.

## **1.6 Sistematika Laporan Panalungtikan**

Hasil ieu panalungtikan bakal disusun dina karya tulis anu ngawengku lima bab, anu sistematikana:

### **BAB I BUBUKA**

Ieu bab ngadarkeun kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah panalungtikan, tujuan panalungtikan, dadaran istilah (définisi operasional) nu dipaké dina panalungtikan, jeung sistematika laporan panalungtikan.

### **BAB II KAJIAN PUSTAKA**

Ieu bab ngadarkeun sajumlahing konsép poko anu dijadikeun titincakan panalungtik keur nyawang masalah anu ditalungtik. Éta konsép poko téh

sumberna tina buku atawa bahan bacaan séjén anu dijieun rujukan konséptual jeung tioritis. Dina ieu panalungtikan, bakal diguar kumaha konsép tiori postkolonial, kasang tukangna, jeung larapna sakumaha anu geus ditaratas ku para akademisi, ogé kamungkinan-kamungkinanana dilarapkeun kana ulikan sastra di Indonésia.

### BAB III MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab didadarkeun desain panalungtikan, definisi konséptual jeung operasional variabel panalungtikan, prosés mekarkeun instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, pamarekan nu digunakeun, sarta prosédur panalungtikan.

### BAB IV GÉNÉALOGI CARITA PONDOK SUNDA

Ieu bab ngadiskusikeun hasil panalungtikan nu dipatalikeun jeung dasar tioritis nu geus dibahas dina Bab II. Dina ieu bab bakal dipedar ciri-ciri naratif carpon Sunda anu awal; maluruh jeung ngajelaskeun konsépsi jeung términologi anu dipaké pikeun méré idéntitas kana carita pondok Sunda anu awal; naon baé wacana kolonial anu mekar jeung ngarojong lahirna carpon Sunda; sarta ngaidéntifikasi inohong-inohong atawa pangarang anu gedé sumbangan atawa peranna dina milu ngarojong lahirna génre carpon, boh sacara langsung boh teu langsung.



## BAB V KACINDEKAN JEUNG SARAN

Dina ieu bab dipedar kacindekan tina hasil panalungtikan sarta sawatara saran patali jeung hasil panalungtikan.

